

BAB III

METODE JEUNG TEKNIK PANALUNGTIKAN

3.1. Metode Panalungtikan

Sacara étimologis métode asalna tina kecap *methodos* (basa Latén), anu hartina cara-cara atawa stratégi pikeun mahan kana réalitas (kanyataan), tur dianggap minangka léngkah-léngkah sacara sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab jeung akibat. Fungsi métode téh pikeun ngabasajankeun masalah panalungtikan sangkan gampang diungkulanana.

Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun métode umum nya éta métode déskriptif. Métode deskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat populasi (Suryabrata 1983: 19).

3.2. Téhnik Panalungtikan

Pikeun maluruh ajén budaya Sunda nu aya dina kacapi solawat, ieu panalungtikan téh ngagunakeun tehnik ngolah data hasil wawancara, dokumentasi *audio*, jeung *audio visual*.

3.2.1. Tehnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan nya éta salah sahiji usaha nu dilakukeun kalawan ngagunakeun métode nu tangtu, sangkan udagan, sasaran nu dipiharep dina hiji panalungtikan bisa kahontal.

Tékhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data téh nya éta wawancara jeung ngumpulkeun dokumentasi *audio visual*. Ieu tehnik digunakeun pikeun nyangkem tiori-tiori nu dipaké ngadadasaran panalungtikan.

3.2.2. Tehnik Ngolah Data

Data nu geus kapanggih, saterusna diolah dumasar kana téhnik-téhnik nu geus dipedar di luhur. Diantarana léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) maluruh ajén budaya nu aya dina kacapi solawat;
- 3) ngadeskripsikeun ajén budaya nu aya dina kacapi solawat.

Téhnik anu dipaké dina ngolah data nya éta déskriptif. Data dianalisis sarta dilaporkeun sacara déskriptif dina wangun tulisan ilmiah (skripsi).

3.3. Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta hasil wawancara, dokumentasi *audio* jeung dokumentasi *audio visual*.

3.4. Léngkah-Léngkah Garapan

Léngkah-léngkah garapan dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Tahap Tatahar

- a. Ulikan Pustaka,
- b. Nangtukeun judul jeung ngajukeun judul.

2. Tahap Ngumpulkeun Data

- a. Maluruh informasi ngeunaan mamaos(Cianjuran),
- b. Maluruh informasi ngeunaan solawat,
- c. Maluruh informasi ngeunaan kacapi solawat.

3. Tahap Ngolah Data

- a. Niténan data nu geus dikumpulkeun,
- b. Nganalisis jeung ngidéntifikasi ajén budaya Sunda dina kacapi solawat dumasar unsur budaya nu universal (Koentjaraningrat),
- c. Nyusun bahan pangajaran tina hasil panalungtikan,
- d. Nyieun kacindekan jeung saran.

4. Tahap Nyusun Laporan

Hasil panalungtikan dilaporkeun dina wangun skripsi. Sistematika panulisan skripsi ieu disaluyukeun jeung Pedoman Penulisan Karya Ilmiah (skripsi) UPI (2010). Sistematika nulisna saperti ieu di handap;

Bab I Bubuka. Dina Bab I dipedar Kasang Tukang Masalah, Watesan Masalah, Rumusan Masalah, Tujuan Panalungtikan, Mangpaat Panalungtikan, Anggapan Dasar, Tatapakan Tiori, Wangenan Operasianal.

Bab II Landasan Téori. Dina Bab II dipedar Tatapakan Téori anu ngawengku Ajén Budaya Sunda, Wujud Kabudayaan, Unsur-unsur Kabudayaan, Transformasi Budaya, Wangenan Sunda.

Bab III Métodologi jeung Téhnik Panalungtikan, jeung Sumber Data

Bab IV Ngadéskrupsikeun ngeunaan mamaos, solawat, kacapi solawat jeung Ajén Budaya Sunda nu kapanggih dina kacapi solawat tuluy disusun pikeun bahan pangajaran basa Sunda.

Bab V Kacindekan, dina Bab V dipedar kacindekan jeung saran pikeun balaréa hususna ngeunaan kacapi solawat.

